Ассаламу гІалайкум!

ЗахІмат бихьичІого, рахІат бокьарас,
БекьичІого,лъилъе,нилъ гьечІого,хур.
Инхоса ГІали-хІажи

# Гумбет

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



## Гумбет районалъул газета

№ 37 (6617) 10 сентябрь 2018 с. Итни МухІаррам 1440 с. Багьа 5 гъур.

БУХУЛЕБ БУГО ЦІУМУР

# Лъай - инсаниятальул аслу

**Бакълъулазул районалда кІодо гьабуна Лъаялъул къо**

**ТІоцебесеб сентябралда Бакълъулазул районалъул лъайкьеялъул учреждениязда тІоритІана рохалилал данделъаби, линейкаби, рагьарал дарсал, викторинаби ва цогидалги тадбирал.**



Баркиялъулаб каламалда Бакълъулазул районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадовас абулеб буго лъайкьеялъ районалъул нухмалъиялъул хІаракатчилъиялъулъ кІвар бугеб бакІ кколилан.

«1 сентябралда байбихьула цІияб 2018-2019 цІалул сон. Нижеца кІвар буссинабун буго школазда цІалдохъабазе кинабго рахъалъ цебетІеялъе ва лъайкьеялъе санагІатал шартІал чІезариялде. ЦІияб Аргъваниб балеб буго 150 цІалдохъанасе бакІ бугеб цІияб школа. МелъелтІа хІалтІулеб буго пагьму-гьунар бугел лъималазул интернат. Игьали гьоркьохъеб ва МелъелтІа аслияб школал гъорлъе рачун руго «Нусго школа» программаялде, гьелда рекъон рехсарал школазе гьабизе буго капиталияб ремонт. ЦІияб цІалул соналде киналго школазе ва лъималазул ахазе ремонт гьабуна. Ниж хІалтІулел руго росабалъ спорт цебетІезабиялда тІад. Школазда руго спортивиял залал, воркаут – байдаби, буго хІажатаб спортивияб инвентарь», - ян абулеб буго баркиялъулаб каламалда муниципалитеталъул бетІерас.

Лъаялъул къоялъул хІурматалда Игьали гьоркьохъеб школалда тІобитІараб рохалилаб линейкаялда кІалъазе рахъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІерасул заместитель МухІамад Хъарагишиев, Россиялъул Хъвадарухъабазул Союзалъул член, Дагъистаналъул мустахІикъав учитель ГІиса Шарапудинов, Игьали школалъул гІурус мацІалъул ва литератураялъул учитель Муртаза Эфендиев ва цогидалги.

«Школазде, учительзабазде нилъеца божилъи гьабун тун руго нилъер хириял лъимал, букІинесеб. Лъай ва тарбия кьеялъул хІалтІул буго пачалихъияб кІвар. Гумбет районалъул администрация кидаго хІадураб буго щибаб школалъул, щивав мугІалимасул ва цІалдохъанасул, ругел ресазда рекъон, рахъкквезе. Ниж хІалтІулел руго республикаялъулал ва Федералиял программабазда гьоркьоре нилъерго школал ккезариялда тІад. Гьел проектазул цо-цоял гІумруялде рахъинарулел руго. Бокьила умумуз хадубккунги жидерго лъималазул къисматалъул тІалаб-агъаз жеги цІикІкІун гьабизе, умумузул союзалъул, тІалаб-агъаз гьабиялъул советазул хІалтІулъ хІаракатчилъи бихьизе, гІолеб гІелалъе лъайкьей, рухІиябгун лъикІаб гІамал-хасияталъул тарбия кьей камиллъизе», - ян абуна МухІамад Хъарагишиевас.

Игьали росдал поселениялъул бетІер ХІажимурад МухІамадовас школалъе сайгъат гьабуна принтер. МугІалимазе ва цІалдохъабазе кьуна хІурматалъул грамотаби ва цогидалги сайгъатал. Линейкаялда гьединго церерахъана 1 ва 11 классазул цІалдохъаби. Кьабуна тІоцебесеб цІумур.

МелъелтІа гьоркьохъеб школалда, цІияб цІалул сон байбихьиялъул рохалилаб данделъиялда баркиялъулал кІалъаял гьаруна районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухІамадовас, гьеб школалъул нухмалъулей Эльмира МухІамадовалъ, гьелъул заместитель ГІабдурахІман Дайтмирзаевас, пагьму-гьунар бугел лъималазул МелъелтІа интернаталъул нухмалъулев Лабазан ХІажиевас, Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул нухмалъулесул ишал тІуразарулев Шамил Мажидовас ва цогидазги.

Гьарадирихъ гьоркьохъеб школалда цІияб цІалул сон байбихьиялъул тадбиралда кІалъазе вахъана «Гумбет» газеталъул бетІерав редактор, Россиялъул журналистазул Союзалъул член ХІамзат ГІизудинов, рехсараб школалъул нухмалъулев ХІассан ГІалихІажиев, Россиялъул Федерациялъул следственнияб комитеталъул ДРялда бугеб следственнияб управлениялъул районазда гьоркьосеб Болъихъ отделалъул хІалтІухъан, юстициялъул кІудияв лейтенат Шамил Халипаев, «Сельсовет “Арадирихский”» росдал поселениялъул бетІер Камил Шапиев ва цогидалги.

ТІоцебесеб классалде 14 цІалдохъан ана МухтарахІмад КъурамухІамадовасул цІаралда бугеб ЦІияб Аргъвани гьоркьохъеб школалде. Лъималаз бихьизабуна художественнияб программа, мугІалимзабазе ва цІалдохъабазе кьуна грамотаби. Школалда тІоритІана рагьарал дарсал, «Россиялъул дарс», «Гьаз машгьур гьабуна Дагъистан» абурал темабазда.

(Ахир - 2 аб. гьумер.)

НОМЕРАЛДА РУГО:




Сахлъиялде бахунеб бечелъи гьечІо ракьалда

-2 гьум.



НакІкІал тІутІун ралел тІогьазул хучдул

-2 гьум.




ГІолилал ахІана гъваридаб лъай щвеялъе гІоло къеркьезе, спорталде машгъуллъизе, квешабщиналдаса рикІкІад чІезе ...

-3 гьум.



Басрияб Сивухъ тІобитІана росдал къо

-4 гьум.

ЖАМАГIАТАЛЪУЛ ГАЗА

# НакIкIал тIутIун ралел тIогьазул хучдул

**Гвай бан, МагIаруллъи цIигьабулел сахаватчагIазул хIакъалъулъ**

**КъваригIаралъуб рухIцин майилан кьолел магIарулаз хIажаталъуб садакъаги гьабула, къварилъи ккарасе кумекги гьабула, къо ккаралъул ратизеги ратула. «Нилъ бараб ахIульги ахIараб болъги бахIарчилъиялда хIалтIизе ккола», – абун хъвана ЦIадаса ХIамзатица.**

### Пачалихъалда божун чIечIого…

Бокьун буго лъикIаб гьариялъе, Аллагьасе гIоло ва халкъалъе пайдаялъе сурсатал хIалтIизарун, ахирал соназда бакълъулаз ралел ругел цоцо бакIал рехсезе. Гьай-гьай, щибаб росулъ ва щибаб мухъалда, шагьаралда руго сахаватал гIадамалги гьезул ишазул лъалкIалги. ХIукуматалъул кумекалъухъ ралагьун чIечIого, гIадамаз жидецаго жидеего гIамал гьаби буго бещцизе ккараб, гражданияб пикру гьварилъараб хIужа.

Садакъаде кьолеб сурсаталъухъ гьабсагIаталда Бакълъул мухъалъул ЛъаратIа ва Килалъ росабалъ ралел руго чIахIиял, лъабтIалаял мажгитал. Гьединго гIадамаз бакIарараб гIарцухъ цIигьабуна Гьоркь Инхо – Гьарадирихъ шагьранух. Балеб буго ЛъаратIа рикьуда мажгит. КъачIалел руго къулгIаби, гьарулел руго хIавузал, лъолел руго кьоял. Пачалихъалда божун чIечIого, гвай бан, умумузул лъикIаб гIадаталда, бахIарчиял ва гIакъилал цересел наслабазул нух ккун, жамагIатаз жидерго тIалаб гьабулеб буго.

### Чорхолги биги тIун, цIунарал мугIрул…

Институтал лъугIичIониги, цIвабзазул мацI лъалин гьезул щивасдаян хъвана аваразул шагIирас херал магIарулазул хIакъалъулъ. – Херал магIарулал, нужер цо рагIи цо гIалимчиясул тIехь буго дие, – абунги хъван буго гьебго асаралда жаниб. ТIабигIаталъул гIелму лъалел, къвараб магIарул ракьалъ куцарал, лъадарарал, хIинкъи-къай лъаларел умумузул ирсилал ккола нилъ. Дагъалниги доза релълъине хIаракат бахъизе тIадаб буго нилъеда. Гьодица ракьги баччун, хурзал гьаруна нилъер умумуз. Чорхол биги тIун, гьал мугIрулги цIунана. Гьедин къо бихьун цIунараб ракь нилъеца жакъа гIадада кьолеб буго, рехун тун, чIунтун, панаго толеб буго.

### Мажгитал цIигьарулел руго…

Амма МагIаруллъи цIигьабизе гьуждул гьарарал гIадамалги гIемер руго, Аллагьасе рецц. Гьелги рукIинчIелани, тIубанго чIобоголъизеги рес букIана нилъер гIумру ва лъазе кIоларедухъ хисизе бегьулаан миллияб хасият. Пачалихъалъ щущазаруна кIудияб захIматиялда ва бергьараб гьунаралда гьарурал мажгитал, рихханзаричIого хутIаралги руссинарун рукIана тIощел балел рукъазде ва бокьазде. Гьедин инжит гьарурал рухIиял минаби цIигьаруна сахаватал гIадамазул кумекалдалъун, цо гъурущ пачалихъалъулги харж гьабичIого. Аллагьас гьел киналго садакъа гьабуралщиназул мунагьал чураги ва, азарцIун цIикIкIинабун, гьез кьураб рикъзиялъул баракат гьезие щваги.

Районазул, мухъазул тахшагьаразда гIемерал гIадамал ракIарула, гьенир мажгитазухъ рузман базе бакI къварилъула. Бакълъулазул мухъалъул тахшагьар МелъелтIа росулъ хIалтIулеб буго чанго мажгит. Дагъаб цебе цIигьабун, гIатIид гьабун, къачIана рузман балеб кIудияб мажгитги. Амма чанги низам цIунулел хIалтIухъабиги цоги хъулухъчагIиги рузман базе хьвадула райцентралда аскIоб бугеб ЛъаратIа росулъеги. Гьениб бугеб мажгиталъул гIатIилъи гIолеб букIинчIо. ЖамагIаталъул хIукму ккана цIияб, лъабтIалаяб Аллагьасул рукъ эхетизе ва гьеб баракатаб хIалтIи тIад бан унеб буго, мажгит тIохикье буссана.

Гьединго некIсияб мажгит гIатIид гьабулеб буго Килалъ росулъ. Гьенибги лъабго тIала бугеб, кIудияб мина эхетана мажгиталъе. Лъабго миллионалдасаги цIикIкIун гъурущ харж гьабун буго гьел хIалтIабазда.

### Нухалги мехалги

2018 соналъул августалъул ахираб кIиго анкьалъ гьарадирил росабазул гIадамал рахъун рукIана Гьоркь Инхо – Гьарадирихъ нух къачIазе. Гьеб мурадалда жамагIатчагIаз садакъаде къурал сурсаталги харж гьаруна. Грейдер ва экскаватор нухда хIалтIизеги къун, кIудияб кумек гьабун буго ОАО «Гумбетовское ДЭП № 10» ОАОялъул нухмалъулев Малачи Сурхаевасги.

Гьедин гвай бан, жамагIаталго рахъун, гьарула магIарулаз жамгIиял хIалтIаби. Бузнаса нухги гьединаб куцалда цIигьабулеб буго. Аллагьас тавпикъ кьеги нилъее нилъго щалали бичIчIизе ва цIи-цIиял гIелал сах-саламатал ирсилалъун гIезаризе. Амин.

**ГIизудинил ХIамзат**

БАРКИ

# Баркула ЦIияб 1440 сон

**Хириял диналъул вацал ва яцал.**

**РакI-ракIалъ баркула нужеда тIаде щвараб гьижрияб цIияб сон! Аллагьас нилъер араб соналъ ккаралщинал мунагьал чураги ва бачIунеб сон сахлъи бугеб, талихIаб, хIарамалдаса рикIкIалъараб, гIибадаталда даимлъараб, Аллагьасда ракI хурхараблъун гьабеги.**

**Аллагьас нилъее тавпикъ кьеги битIараб нух кквезе.**

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

# Лъай - инсаниятальул аслу

**(Байбихьи - тIоцебесеб гьум.)**

Школалъул нухмалъулев Башир Башировас мугIалимзабазда, цIалдохъабазда, гьезул умумузда баркана Лъаялъул къо, гьарана киназего лъикIабщинаб.

Районалъул администрациялъул рахъалдасан ЧIикь аслияб школалда цIияб цIалул сон байбихьиялда хурхун баркиялъулаб кIалъай гьабуна лъайкьеялъул отделалъул методист МухIамад АхIмадовас. Лъаялъул къо баркун кIалъана школалъул нухмалъулев ГIали ГIалиев, машгьурав спортсмен Гьайирбег ГIалиасхIабов ва цогидалги.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

# Сахлъиялде бахунеб бечелъи гьечIо ракьалда

**Бакълъулазул районалда гьоркьоб лъуна сахлъи цIуниялъул суал**

**3 сентябралда Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIана сахлъи цIуниялъул, гIадамазе социалияб хъулухъ гьабиялъул хIакъалъулъ ва цогидалги кIвар бугел суалал гьоркьоб лъураб данделъи. Аслияб кIвар къураблъун букIана районалъул централияб больница ва цогидалги медицинаялъул учреждениял гьанжесеб оборудованиялдалъун ва медикаментаздалъун хьезариялъул суал.**



Данделъиялда гIахьаллъи гьабуна федералиял, республикаялъул, муниципалиял хъулухъазул хIалтIухъабаз, районалъул администрациялъул аппаратальъ, учреждениязул ва гIуцIабазул нухмалъулез, бакIалъулаб самоуправлениялъул вакилзабаз ва цогидаз.

Данделъи рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас.

Районалъул централияб больницаялъул бетIерав тохтурасул сахгьариялъул рахъалъ заместитель МухIамадхIабиб Абакаровас бицана муниципалитеталда сахлъи цIуниялъул рахъалъ бугеб хIалалъул.

«Араб анкьалъ Дагъистан Республикаялъул сахлъи цIуниялъул министерствоялъул коллегиялда халгьабуна республикаялда гьитIинал лъимал хвеялъул бугеб хIалалъул суалалъул ва рихьизаруна гьеб рахъалъ лъикIаб хIал букIинабиялъе нухал. Статистикаялъул баяназда рекъон, нилъер район рикIкIуна лъимал хвеялъул хIужаби дагь кколеблъун. Дагъистаналдаго дагьлъун буго лъимал гьари.

ЦРБялъе ва районалъул цогидалги медучреждениязе хIажат буго мухIканаб кьагIидаялъ унти чIезабизе гьанжесеб оборудование. Гьел ккола флюорографиялъул аппарат, рентген – аппарат ва цогидалги», - ян бихьизабуна МухIамадхIабиб Абакаровас.

Районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас ЦРБялъул вакиласда абуна, районалъул нухмалъиялъ гьеб суал тIубазе кумек гьабизелъун, кагъат битIизе бугин дандрекъон кколел идарабазде.

Россиялъул пенсиязул фондалъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев ТIалхIат Жамалудиновас бицана пенсиязул реформабазда хиса-басиязул. Районалъул ветеринарияб управлениялъул хIалтIухъабазе къуна гьезул махщалилаб байрамалда хурхун, шапакъатал. Управлениялъул нухмалъулев ГIали ГIалиевас лъикIаб къимат къуна кванил нигIматаздасан хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул рахъалъ бугеб хIалалъе.

Гумбеталъул гIолилазул централъул нухмалъулесул заместитель Заур Халидовас бицана гIолилазул гIахьаллъигун тIоритIарал тадбиразул ва хадубккун гьабизе хIисабалде босаралъул.

«Село Чирката» росдал поселениялъул ракьалда буго тарихияб памятник – некIсиял гIадамаз кьурабазда рахъарал суратал. Гьенире рачIунел руго туристал. Культураялъул учреждениязул хIалтIул ва туризмалъул цебетIеялъул бицана районалъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумардибировас.

Районалъул центр лъедалъун хьезаби, электромухъал хиси, газ бачиналъе гьабулеб хIалтIи кин унеб бугебали бицана «Сельсовет "Мехельтинский"» росдал поселениялъул бетIер МухIамад ГIабдунасировас.

Районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухIма МухIамадовас росабалъе ун халгьабуна спортивиял бакIазул, тадбирал гьарулел руго районалъул росаби федералиял ва республикаялъулал программабазда гьорлъе ккезаризе.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялда цебе хIалтIулеб буго «Россети» ПАОялъул специалистазе электромухъал хисулаго кумек гьабулеб комиссия. Районалъул администрациялъул юридическияб отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидовас тIадчIей гьабуна гьеб суалалда, рехсана делопроизводствоялъул хIакъалъулъ ва цогидалги кIвар бугел суалал.

ЦIияб цIалул соналда гIуцIакьан байбихьиялъул, цIалул тIахьазадалъун классал хьезариялъе гьабулеб бугеб хIалтIул бицана райадминистрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас.

Районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас хIасилал гьаруна данделъиялъул ва бихьизабуна гIадамазе хъулухъ гьабиялъул качество щибаб магIишатияб бутIаялда хадубккунги борхизабиялде кIвар кьезе ккелилан.

**«Гумбет» РИО**

АНТИТЕРРОР

## ГIолилал ахIана гъваридаб лъай щвеялъе гIоло къеркьезе, спорталде машгъуллъизе, квешабщиналдаса рикIкIад чIезе ...

### Бакълъулазул районалда тIобитIана терроризмалда данде къеркьеялъул къо

**3 сентябралда районалъул централияб библиотекаялъул цIалдолезул залалда тIобитIана терроризмалда дандечIараб тадбир, терроризмалда данде цадахъ рекъон къеркьеялъул къоялъул хIурматалда.**



ДандчIваялда гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиев, терроризмалда дандечIараб комиссиялъул бетIерав специалист Руслан Даитбегов, культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумардибиров, районалъул имамасул ишал тIуразарулев, балугълъиялде рахинчIезда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул рахъалъ комиссиялъул секретарь Рашид ХIабибов, лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухIма МухIамадов, культураялъул хIалтIухъаби, МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъаби.

Жиндирго кIалъаялда районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас тIадчIей гьабуна терроризмалда данде къеркьей комплексияб къагIидаялда гьабизе ккеялда, гIолохъанаб гIелалда гьоркьоб профилактикияб хIалтIи гьабиялъул кIудияб кIвар букIиналда. Абуна Гумбеталда экстремизмалда ва терроризмалда данде къеркьей гьабиялъе комиссия гIуцIун бугин ва гIадамазда гьоркьоб комплексияб хIалтIи гIуцIулин.

ДандчIваялда гьединго кIалъазе рахъана Руслан Даитбегов, МухIамад ГIумардибиров, Рашид ХIабибов, НурухIма МухIамадов. Гьез гIолилал ахIана гъваридаб лъай щвеялъе гIоло къеркьезе, спорталде машгъуллъизе, бичIчIизабуна исламалъ ракълиде ва лъикIлъиялде ахIулеллъи, квешабщиналдаса рикIкIад чIезе ккколеблъи.

**«Гумбет» РИО**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

## ХIамзат ГIизудиновас гIахьаллъи гьабуна Крымалда тIобитIараб ункъабилеб ТIолгохалкъазда гьоркьосеб «Интеллигентный сезон» фестивалалда

**Крым республикаялъул Саки шагьаралда тIобитIана, батIи-батIиял улкабаздаса чанго вакил гIахьаллъараб, 4 аб. халкъазда гьоркьосеб литературиябгун музыкалияб « Интелигентный сезон» фестиваль. Дагъистан Республикаялдаса фестивалалде вихьизавуна Россиялъул хъвадарухъабазул союзалъул член, «Гумбет» газеталъул бетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов.**



ЦIалана, жинцаго хъвараб, «ХIариб габурлъиялда» абураб къиссаялдаса цо-цо бутIаби, цIалана кучIдул ва Крым Республикаялъул хъвадарухъабазул Союзалъе сайгъат гьаруна жиндирго тIахьал ва литературиябгун художесттвенниябг « Дагъистан» журналалъул номерал.

Крым Республикаялъул хъвадарухъабазул Союзалъул председатель Валерий Басыровас ХIамзат ГIизудиновасе



ГРАМОТА
СОЮЗ ПИСАТЕЛЕЙ РЕСПУБЛИКИ КРЫМ
НАГРАЖДАЕТ
ИЗУДИНОВА ГАМЗАТА МАГОМЕДОВИЧА
(г. Махачкала, Республика Дагестан, Россия)
поэта, лауреата премий Магомеда Шамхалова
и Юсупа Хаппалаева
за поддержку и помощь в проведении
IV Международного литературно-музыкального фестиваля
«Интеллигентный сезон-2018»

Дагъистаналдаса вакил хIисабалда ХIамзат ГIизудиновас тадбиралъул гIахьалчагIазда баркана цIияб сезон рагьи ва конкурсантазе гьарана бергьенлъаби. Гьес къуна Халкъазда гьоркьосеб 4 аб. литературиябгун музыкалияб «Интелигентный сезон» фестиваль тIобитIиялъе ва рахъ ккеялъе гIоло грамота.

**«Гумбет» РИО**

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

## Гьарадерица нух къачIаялъе сурсатал ракIарана

### Бакълъулазул районалда ремонт гьабун къачIана Гъоркь Инхо – Гьарадирихь нух

**Чвахун цIадал ран хадуб Гъоркь Инхо – Гьарадирихь шагьранух автотранспорт хьвадизе санагIат гьечIеб хIалалъ букIана.**



Нухде бачIун букIана хIабатI-ракь. Гъоркьа Гьарадирихъ, Бакьулъ Гьарадирихь, ТIаса Гьарадирихь росабазул гIадамаз нух къачIаялъе сурсатал ракIарана. Ремонталъулал хIалтIаби гьаризе бачIана «Гумбетовское ДЭП № 10» ОАОялъул техника.

«Гъоркь Инхо – Гьарадирихь нух къачIазе гьарадерица жидеего бокьун сурсатал къуна ва субботник тIобитIизе хIукму гьабуна. Автотранспорталъе квалквал ккеларедухъ нух къачIазе нухазул идараялъул нухмалъулев Малачи Сурхаевас грейдер ва экскаватор къуна. 17 километр халалъи бугеб шагьранух къачIазе рахъана нухазул мастералги росдал гIадамалги.

«Гъоркь Инхо – Гьарадирихь шагьранухалъул кIудияб кIвар буго нижер росабазе. Чвахун цIадал ран хадуб, цIакъ квешаб хIалалде ккана къватIисеб дунялгун ниж цолъизарулеб гьеб нух. Гвендахараб, хIабатIалъ бацараб нухдасан автотранспорт бачине захIмат букIана. Гьарадерица хIукму гьабуна субботникал тIоритIизе. КIиго анкьалъ хIалтIана нух къачIаялда. Нижер рахъккуна «Гумбетовское ДЭП № 10» ОАОялъул нухмалъулев Малачи Сурхаевас ва техникаялдалъун кумек гьабуна. Росуцоязул ва дирго рахъалдасан баркала загьир гьабула нижее гьабураб кIудияб кумекалъухъ Малачи Сурхаевасе», - ян абуна «Сельсовет “Арадирихский”» росдал поселениялъул бетIер Камил Шапиевас.

Гьарадерил азаргоялдаса цIикIкIун чи вуго Бакълъулазул районалдаги, хьутабаздаги, республикаялъул шагьараздаги, Дагъистан тун къватIирги.

«Гъоркьа Гьарадирихъ, Бакьулъ Гьарадирихъ, ТIаса Гьарадирихь росаби руго ралъдал гьумералдаса 1700-1800 метралъ борхалъуда. Умумулъаго гьенир цебетIун руго хурухъанлъи, гIи-боцIухъанлъи, найихъанлъи ва цогидалги магIишатиял бутIаби.

1922-1923 соназда Бакьулъ Гьарадирихь имамлъун хIалтIулев вукIана авар адабияталъул классик, гIалим ЦIадаса ХIамзат, гьанив гьесул хъизамалда гьавуна Расул ХIамзатов. Бакьулъ Гьарадирихь росу гьоркьобе ккола ХIамзатовасулал бакIазда. ШагIир гьавурав рукъалъул къадада бан буго мемориалияб хъарщи», - ян абуна Камил Шапиевас.

«Сельсовет “Арадирихский”» росдал поселениялъул администрациялъ, районалъул нухмалъулезул рахъккеялдалъун, гьоркьоса къотIичIого хIалтIи гьабулеб буго росаби берцин гьарун къачIаялъе. Лъим ххазе лъимал ругъунлъулеб хIоралъе ремонт гьабуна, росабалъ жанир кьоял къачIана, гIадамазе лъим гIураб къадаралда чIезабизелъун, хIавузал рана, футбол хIазе гьитIинаб байдан гьабуна, эркенаб гугариялъул секциялгун спортзал хIалтIулеб буго, цоги программабиги проектални гIумруялде рахъинарулел руго.

**«Гумбет» РИО**

ГIЕЛМУ – ХАЗИНАЙИН ХВЕЛГО ГЬЕЧIЕБ ЖО

## Бакълъулазул школазда гьабуна рейтинг

**2018 соналъул 23 апрелалда Дагъистан Республикаялъул лъайкьеялъул ва гIелмуялъул Министерствоялъул № 1077 – 01/18 приказалда рекъон, Бакълъулазул гIаммаб лъайкьеялъул школазул 2017-2018 цIалул соналъул хIасилазул рейтинг гьабуна, - ян бицана районалъул информационниябгун методикияб централъул директор Муса КъурамухIамадовас. Рейтинг гьабуна школазда хадубккунги цIалулгун тарбия кьеялъул качество борхизаби мурадалда.**

Рейтингалъул хIасилал гьарун гьоркьохъел школазда гьоркьор тIоцебесеб бакI Игьали гьоркьохъеб школалъ, кIиабилеб бакI МелъелтIа гьоркьохъеб школалъ, лъабабилеб бакI ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школалъ ккуна.

Аслияб школазда гьоркьор тIоцебесеб бакIалъе мустахIикъльана МелъелтIа аслияб школа, кIиабилеб бакIалъе Цаналъ аслияб школа, лъабабилеб бакIалъе ЧIикь аслияб школа.

Байбихьул школазда гьоркьор тIоцебесеб бакI босана Гьарадирихь байбихьул школалъ, кIиабилеб бакI ИчичIали байбихьул школалъ, лъабабилел бакIал Лъанлъари ва Щабдухъ байбихьул школаз.

**ГIайшат Исламбиева**

ШАПАКЪАТАЛ

# Бакълъулазул районалъул ветеринариял хIалтIухъабазе - шапакъатал

**31 августалда Россиялъул ветеринариялъул хIалтIухъабазул къоялда хурхун МахIачхъалаялда ветеринарияб комитеталда тIобитIана данделъи. Гьениб гIахьаллъи гьабуна Бакълъулазул районалъул ветеринарияб управлениялъул хIалтIухъабазги. Баркияздаса ва кIалъаяздаса хадур захIматалъул централияб ветучасткаялъул ветфельдшер Шамил ГIабдулкъадиров.**

3 сентябралда Бакълъулазул районалъул ветеринарияб управлениялдаги тIобитIана гьеб къоялда хурхун ветеринариял хIалтIухъабазул данделъи. Гьезда байрам баркана ва хъизан-рукъалда, хIалтIулъ битIккей, талихI-рохел гьарана районалъул ве-



**рехъаби кIодо гьаруна шапакъатаздалъун. Рохизе ккараб хIужа ккола гьезда гьоркьор нилъер районцоял рукIинги.**

«За заслуги в ветерании РД» медаль кьуна районалъул ветуправлениялъул нухмалъулев ГIали ГIалиевасе. Россиялъул ветеринарияб комитеталъул рахъалдасан Баркалаялъул кагътал кьуна ЦIиликь ветпункталъул нухмалъулев Аслудин Насрудиновасе, Бабаюрталъул ветлечебницаялъул нухмалъулев Расул ГIабдулмаликовасе. Дагъистаналъул ветеринарияб комитеталъул грамотаялъе мустахIикълъана тупрaвлениялъул нухмалъулев ГIали ГIалиевас. Гьарана хIалтIулъ бергьенлъаби ва бицана хадурккун гьаризесел хIалтIабазулги. Гьезда байрам баркизе рачIана районалъул централияб библиотекаялъул, Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул ва цо-цо росабазул маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул хIалтIухъаби. Гьез ветуправлениялъул хIалтIухъабазе кьуна сайгъаталги. Гьезие ветупраленилялъул хIалтIухъабаз ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна.

**ГIайшат Исламбиева**

ВРЕМЕНА И ДОРОГИ

## Третий этап оперативно-профилактической операции «Внимание - Дети»

**Согласно распоряжению МВД по РД №17/2541 от 28.03.2018г. на территории Гумбетовского района проводится оперативно-профилактическая операция 3-й этап «Внимание - Дети» с 28. 08. 2018 г. по 11. 09. 2018 г.**

Водителям необходимо знать и учитывать использование ремней безопасности, применить детские удерживающие устройства, исключить факты нахождение детей в возрасте до 12 лет на переднем сидении, а также допускать нарушения при обгоне, маневрирования, превышения скорости и.т.д.

Родителям необходимо исключить факты появления детей до 10 лет без сопровождения взрослого лица на автодорогах, а также запретить детям ездить на велосипедах по проезжей части дорог до достижения ими 14 лет.

За анализируемый период в рамках данной операции ОГИБДД ОМВД РФ по Гумбетовскому району составлено 8 административных протокола по ст. 12.23 ч.3 КоАП РФ ( нарушение требований к перевозке детей, установленных ПДД).

**Шамиль Мажидов,**
**врио начальника ОМВД России**
**по Гумбетовскому району,**
**майор полиции**

# Расул ХIамзатов гьавуралдаса - 95 сон

### Расул ХIамзатовас 95 сон тIубаялъул хIурматалда флешмобалда гIахьаллъана бакълъулазул цIалдохъаби

**Расул ХIамзатов гьавуралдаса 95 сон тIубаялъул хIурматалда флешмобалда гIахьаллъи гьабуна Бакълъулазул районалъул цIалдохъабаз. Авар мацIалъул мугIалим ХIабизат**

пачалихъияв хIаракатчи Расул ХIамзатовасул гIумрудул нухалъул, творчествоялъул, жавабал кьуна цIалдохъабазул суалазе.

«Расул ХIамзатовас нахъе тана свин




**Амагаевалъ хIадур гьарурал МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъаби Макка Ахкубеговалъ, ПатIимат АхIмадибировалъ ва Аминат ГIумаровалъ «Дагъистан» РГВКялъе передача хIадурулаго, Расул ХIамзатовасул кучIдул цIалана.**

Расул ХIамзатовасул 95 сон тIубаялъул хIурматалда тадбирал тIоритIулаго, школлъимал дандчIвана «Гумбет» газеталъул ва «Аварпресса. ру» порталалъул бетIерав редактор, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член ХIамзат ГIизудиновгун.

Гьес бицана машгьурав шагIир, гьечIеб рухIияб ирс. Жакъа 3 сентябралда, терроризмалъул къурбанал ракIалде щвеялъул къоялъ, нилъеца цIидасан ракIалде щвезабулеб буго Расул ХIамзатовасул «Къункъраби» абураб кечI. Гьеб художественнияб асаралъулъ бессун буго ракьалда лъикIлъаби, рекъел цIунулесул портрет», - ян абуна ХIамзат ГIизудиновас.

ЦIалдохъабазе редакциялда экскурсия гIуцIана, бетIерав редакторасул библиотекаялде рачана ва тIахьал сайгъат гьаруна.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# Басрияб Сивухъ тIобитIана росдал къо

**Басрияб Сивухъ тIобитIана батIи-батIиял бакIазда ругел росдал вакилзаби данделъараб росдал къо. Умумузул ВатIаналде рачIана США-ялда гIумру тIамун ругел сахъалцин. Гьеб тадбиралда гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиев, районалъул администрациялъул муниципалитеталъул юридическияб отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидов ва цогидалги.**

Районалъул бетIерасул нухмалъулесул заместитель МухIамад Хъарагишиевас байрамалъул гIахьалчагIазда баркана Сивухъ росдал къо ва загьир гьабуна муниципалитеталъул нухмалъулел хIадур рукIин гьезул суалал тIуразе.

Гумбет районалъул администрациялда тIобитIана Басрияб Сивухъ росдал вакилзабазулгун дандчIвай. Гьел щвана Инхоса ГIалихIажил цIаралда бугеб Бакълъулазул районалъул централияб библиотекаялде, Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул музеялде ва цогидалги бакIазде. «Жакъа Гумбет районалде рачIун руго Кавказалъул рагъдаса хадур Бакъбаккул рахъалде гочарал эмигрантазул наслуялъул-Аварил хъизан.

Аварил хъизаналъ гIумру тIамулеб буго США-ялъул Нью-Джерси штаталда. Гьел гочана Сириялдаса Америкаялде.

Жидерго ВатIаналде рачIана Рабиха Авари, ясал Софа Авари ва Марва Авари, вас МухIаммад Авари ва васасул вас Ташби Самкаевгун цадахъ. Гьединго вачIун вукIана медицинаялъул гIелмабазул кандидат, беразул тохтир, хъизан Салям Авар ва Сириялда йигей яц Саннаа МухIаммаднургун, МухIаммаднур Нидаль. Киналго гьел ккола Басрияб Сивухъ росулъа арал. Гьединго гьезул гIахьаллъиялъул бухьен буго МелъелтIа, Ингишо, ЦIиликь росабалъги»,-ян абуна МухIамад Хъарагишиевас.

**«Гумбет» РИО**

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияв секретарь
Къурмагьиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр
IIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1097
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ кьимат кьезелъун.